

# UNIONDALE UNION FREE SCHOOL DISTRICT

933 GOODRICH STREET, UNIONDALE, NEW YORK 11553-2499

Website: <http://district.uniondaleschools.org>

## BOARD OF EDUCATION

CHARMISE P. DESIRÉ, President  
NEVILLE G. GEORGES, Vice President  
ADELINA BLANCO-HARVEY, Trustee  
JUSTIN BROWN, Trustee  
CAROL EASON, Trustee  
BAILEY JEFFRIES, Student Member

## WILLIAM K. LLOYD, PH.D.

Superintendent of Schools  
516-560-8824 • FAX 516-414-5675  
E-MAIL: [wllloyd@uniondaleschools.org](mailto:wllloyd@uniondaleschools.org)

## ADMINISTRATION

RHONDA A. TAYLOR  
Assistant Superintendent for Curriculum and Instruction  
516-560-8825 • FAX 516-560-8917  
MYRTLE E. DICKSON, PH.D.  
Assistant Superintendent for Human Resources  
516-560-8822 • FAX 516-560-8927  
STEVEN M. EPSTEIN  
Assistant Superintendent for Business Affairs  
516-560-8801 • FAX 516-918-1071

## DISTRICT CLERK

OLENA NICKS  
516-560-8945 • FAX 516-918-1060

February 28, 2020

Chè Paran, Anplwaye ak Manm Kominote a:

Yè, mwen te pale ak Komisyone Sante nan Konte Nassau, Doktè Lawrence Eisenstein, konsènan direktiv pou reponn sou enkyetid k ap grandi sou oronavirus la ki rele COVID-19. Li enfòm mwen ke pa gen okenn ka ki konfime nan Eta New York.

Komisyone a te asire ofisyèl lekòl yo ke pa gen okenn rezon pou nou chanje aktivite nou. Nou ta dwe, natirèlman, itilize tout mwayen ki egziste yon anvironnman sen. Daprè Dr Eisenstein, menm pratik ke nou itilize pou anpeche pwopagasyon rim sèvo ak grip ap travay pou Coronavirus la. Anplwaye kostodial yo ap kontinye regilyèman netwaye salklas yo ak zòn komen yo. Anplis de sa, nou ap raple tout moun sou règleman prevansyon, etabli pa Sant Kontwòl Maladi nan Etazini (CDC), ke nou itilize nan lekòl la ak ankouraje tout moun pou yo swiv lakay yo:

- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan 20 segonn. Sèvi ak dezenfektan ki fèt avèk alkòl, lè pa gen dlo ak savon
- Evite manyen zye ou, nen ou, ak bouch ou ou avèk men ki pa lave.
- Evite kontak sere ak moun ki **malad**.
- Rete lakay ou lè ou malad epi pa retounen nan travay oswa nan lekòl la jiskaske ou pagen lafyèb san ou pa pran medikaman pandan omwen 24 èdtan.
- Kouvri touse ou oswa etènye avèk yon tisi epi pran swen jete li nan fatra. Si ou pa gen tisi, itilize koud ou pou touse oswa etènye.
- Netwaye, epi dezenfekte souvan tout objè ak sifas ke ou fin an kontak.


Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan tout sa ki gen rapò ak **Sant pou Kontwòl Maladi (CDC) ki nan Etazini ak Depatman Sante nan Eta New York (NYSDOH)**. Eta New York gen yon nimewo telefòn ki disponib pou tout Kesyon & Repons konsènan Coronavirus, **888-364-3065**.

Depatman Sante Konte Nassau ap kenbe nou enfòm lè gen plis enfòmasyon ki disponib.

Finalman, tanpri kenbe pitit ou lakay si li pa santil byen epi kontakte imedyatman doktè li pou jwenn konsèy ak bon tretman, si li nesèsè.

Menm jan enfòmasyon yo ap fè sifas, mwen pral kontinye kenbe ou enfòm sou tout enfòmasyon ki ajou. Sante ak sekirite elèv yo ak tout kominote a se pi gwo priyorite nou.

Trè sensèman,



Dr. William K. Lloyd  
Superintendent of Schools